



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 203 MILYON DOLA NAN FINANS LWA CARES A YO AKÒDE POU EDE TI PWODIKTÈ AK PWODIKTÈ TAY MWAYÈN YO REKIPERE ANBA PANDEMI COVID-19 LA

Inisyativ ki ap sipòte rekiperasyon pwodiktè yo anba pandemi COVID-19 la pou pozisyon yo pou konpetitivite alavni

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 2.3 milyon dola nan finansman pou Lwa federal sou Èd, Reparasyon, ak Sekirite Ekonomik Pandan Kowonaviris (Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security Act, CARES Act) la pou kat òganizasyon pou yo ka bay sèvis enpòtan pou ti pwodiktè ak pwodiktè tay mwayèn yo pandan yo ap adapte ak kondisyon mache yo nan mitan pandemi COVID-19 la. Benefisyè sibvansyon yo, ki se sant Patenarya Ekstansyon pou Pwodiksyon New York (New York Manufacturing Extension Partnership, NY MEP) yo ke Empire State Development (ESD) a dezinye, pral itilize fon an pou ede konpayi yo nan rapatriye ak rekonstwi chèn apwovizyonman yo, nan sekirize ekipman pou pwoteksyon pèsonèl (personal protective equipment, PPE), nan amelyore sekirite ak efikasite, nan adopte nouvo teknoloji ak nan amelyore rezilyans pandan pètibasyon alavni yo.

"Pandan New York ap konbat pandemi COVID-19 la aktyèlman, li enpòtan ke nou planifye pou lavni, patikilyèman pandan biznis yo ap patisipe nan yon re-ouvèti pa faz epi pandan Nouyòkè yo ap retounen nan travay", **Gouvènè Cuomo te deklare.**

"Finansman CARES Act sa a pral ede pwodiktè yo gen aksè ak chèn apwovizyonman yo, PPE ak teknoloji yo bezwen pou pwoteje travayè yo epi rete konpetitif nan anviwònman ekonomik difisil sa a. Se sa finansman federal yo aplike kòrèkteman kakab fè pou ranfòse ti biznis ak kominote yo sou teren an."

"Nou te transfòme kominote yo nan tout Eta a gras ak efò devlopman ekonomik ak investisman yo, epi nou kapab pèdi tout pwogrè ke nou te fè a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pandemi COVID-19 la te fondamantal pou biznis nou yo, ekonomi nou an ak rezidan yo nan tout Eta a. 2.3 milyon dola sa a nan finansman pou pwodiktè yo enpòtan pou ede yo rekipere anba kriz lan epi pou yo kapab sekirize PPE, amelyore sekirite ak efikasite, epi adapte ak nouvo teknoloji yo. Nou angaje nou pou rebati pi byen epi pou nou asire ke biznis nou yo ak kominote nou yo pi solid ak pi rezilyan pou lavni apre pandemi an."

Kòm sant Patenarya Ekstansyon Pwodiksyon New York (NY MEP) ke yo dezinye yon fason federal la, Divizyon Syans, Teknoloji ak Inovasyon (Division of Science, Technology and Innovation, NYSTAR) ESD a ap deplwaye èd ijans ke yo mete disponib atravè Enstiti Nasyonal Nòm ak Teknoloji (National Institute of Standards and Technology, NIST).

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric Gertler te deklare, "Empire State Development ap mobilize tout resous ki disponib pou li ede anpil biznis Eta New York ki gen difikilte pandan pandemi COVID-19 akyèl la, epi finansman sa a pral ede pwodiktè yo fonksyone an tout sekirite epi prepare yo pou pètibasyon nan mache a alavni akòz pandemi sa a".

Yo te akòde 2.3 milyon dola pou òganizasyon sa yo:

Sant pou kwasans Ekonomik (Center for Economic Growth, CEG) - 800,000 dola
CEG, sant NY MEP a ki sitiye nan Rejyon Kapital la, pral ede konpayi yo nan tout Eta a nan rapatriye ak rekonstwi chèn apwovizyonman yo. Inisyativ sa a pral konsantre sou mank nan konpetans yo, nan redwi depans pwodiksyon yo, nan idantifye materyèl altènatif pou entran pou pwodiksyon yo, nan rekonsevwa pwodwi yo, ak adrese lòt baryè pou deplase pwodiksyon yo soti nan lòt peyi pou vini nan Eta New York.

ITAC - 650,000 dola

ITAC, sant NY MEP ki sitiye nan Vil New York la, pral ede konpayi yo nan tout Eta a avèk ekipman pou pwoteksyon pèsònèl (PPE) pou asire yo kapab fonksyone an tout sekirite pandan pandemi aktyèl oswa pandemi alavni yo.

Sant Antrepriz Pwodiksyon ak Teknoloji (Manufacturing and Technology Enterprise Center, MTEC) - 500,000 dola

MTEC, sant NY MEP a ki sitiye nan Hudson Valley a, pral reyalize evalyasyon vityèl pou pwodiktè yo nan tout Eta a pou asire yo ap fonksyone an tout sekirite, yon fason efikas, ak yon fason efisyen, epi idantifye fason pou ede pwodiktè yo nan amelyore pwodiktivite ak sekirite, gen ladan atravè adopsyon nouvo teknoloji ak pwosesis yo.

FuzeHub - 350,000 dola

FuzeHub, sant NY MEP nan tout Eta a, pral devlope, ofri, ak distribye seminè anliy ak atelye vityèl pou atenn pi plis pwodiktè posib nan tout Eta a. Pataj fòmasyon ak enfòmasyon an pral gen ladan sijè tankou preparasyon ijans, itilizasyon chèn apwovizyonman pandan kriz, sibèsekirite, ak efò rekiperasyon yo.

Rep. Paul Tonko, te deklare, "Nou te fè avanse CARES Act la atravè Kongrè a pou ofri èd ijans nan kominote lokal yo ak nan ekonomi rejyonal yo atravè nasyon an. Finansman CARES Act sa a delivre nan sans sa a lè li voye yon bwe sovtaf bay ti pwodiktè ak pwodiktè tay mwayèn New York yo, nan ede yo kenbe aksè nan chèn apwovizyonman enpòtan yo, ekipman pou pwoteksyon pèsònèl yo, ak egzekite teknoloji ki pral ede yo afwonte tanpèt sa a epi pou yo vini pi rezilyan alavni. Mwen aplodi

Gouvènè Cuomo dèske li asire ke yo jere fon sa yo yon fason efikas ak yon fason efisyan nan sipòte ti pwodiktè ak pwodiktè tay mwayèn ak biznis New York yo".

Enfòmasyon sou Patenarya Ekstansyon Pwodiksyon New York (NY MEP) la
Patenarya Ekstansyon Pwodiksyon (MEP) Hollings ki se pou Enstiti Nasyonal Nòm ak Teknoloji (NIST) a travay avèk ti pwodiktè ak pwodiktè tay mwayèn Etazini yo pou ede yo kreye ak kenbe djòb yo, ogmante pwofi yo, ak ekonomize tan ak lajan. Rezo nasyonal la bay yon ansanm sèvis, ki soti nan estrateji inovasyon ak amelyorasyon pwosesis yo, pou rive nan pwodiksyon dirab, sèvis chèn apwovizyonman ak akselerasyon teknoloji yo. Sant MEP yo travay tou avèk patenè yo nan nivo pwogram Eta a ak federal yo ki pozisyone pwodiktè yo pou devlope nouvo kliyan, etann yo nan nouvo mache ak kreye nouvo pwodwi.

Kòm yon pwogram Depatman Komès Etazini (U.S Department of Commerce), MEP a ofri yon ansanm resous efikas yo pou ede pwodiktè yo idantifye opòtinite yo ki pral akselere ak ranfòse kwasans ak konpetitivite yo a sou mache mondyal la. MEP a se yon rezo nasyonal ki gen plis pase 1,200 ekspè teknik ki sitiye nan chak Eta. Yo te sèvi kòm konseye fyab pou biznis ki konsantre sou transfòme pwodiktè Etazini yo pou yo fè konkirans nan tout monn lan nan sipòte entegrasyon chèn apwovizyonman an, ak nan bay aksè pou teknoloji pou pwodiktivite ki amelyore. MEP a fonde sou sant ekstansyon pwodiksyon yo ki sitiye atravè 50 Eta ak Pòtoriko. Sant MEP yo se yon rezo divès ki gen òganizasyon Eta a, òganizasyon san bi likratif ki oryante sou inivèsite, ak lòt òganizasyon san bi likratif, ki ofri pwodwi ak sèvis ki adrese bezwen enpòtan pwodiktè lokal yo.

Divizyon Syans, Teknoloji ak Inovasyon (NYSTAR) Empire State Development (ESD) a se sant MEP yo dezinye a pou Eta New York. Onz sant (dis rejyonal ak youn ki nasyonal) te patisipe nan konkou epi yo te dezinye yo pou bay sèvis ak èd anba pwogram sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)